



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON SOU REFÒM JISTIS PENAL LA POU  
BAY ANSYEN PRIZONYE NOUYÒKÈ YO YON DEZYÈM CHANS, DIMINYE  
RESIDIVIS EPI AMELYORE SEKIRITE PIBLIK**

*Lejislasyon (S.294-A/A.2573-A) la otorize moun ki te kondane pou yon krim  
anvan yo pou sèvi kòm administratè yon siksesyon*

*Lejislasyon (S.2803/A.5707) la otorize moun yo fè yon travay regilye yo san yo pa  
vyole liberasyon kondisyonèl la*

*Lejislasyon (S.2630/A.5549) la otorize pou yo bay sètifika pou bon konpòtman  
nan moman liberasyon antisipe a*

*Lejislasyon (S.2801-A/A.5705-A) la otorize moun ki soumèt a liberasyon sipèvize  
yo pou pwoteste kont kondisyon mendèv ki lye ak travay yo*

Gouvènè Kathy Hochul te ratifye yon seri lejislasyon refòm penal an lwa jodi a pou bay ansyen prizonye Nouyòkè yo yon dezyèm chans, k ap amelyore sekirite piblik pandan l ap dimininye residivis. Lejislasyon an pèmèt moun ki te kondane pou yon krim anvan pou sèvi kòm administratè yon siksesyon epi pèmèt moun ki te nan prizon yo fè travay regilye yo san yo pa vyole liberasyon kondisyonèl la. Li otorize tou pou yo bay sètifika pou bon konpòtman nan moman liberasyon antisipe a epi pèmèt moun ki sou plizyè kalite liberasyon sipèvize yo pou pwoteste kont kondisyon mendèv ki lye ak travay.

Seri lejislasyon sa yo apiye vizyon Gouvènè Hochul pou yon apwoch ki ekilibre pou sekirite piblik ki ranfòse jistis nan sistèm jistis penal la pandan l ap asire ke yo kenbe lari Eta New York yo an sekirite. Yo ogmante opòtinite ekonomik ak sosyal pou ansyen prizonye Nouyòkè k ap retounen nan kominote yo, fè pwomosyon yon sistèm jistis penal ki pi jis. Apwoch Gouvènè a genyen ladan l mezi pou asire ke ajans eta ak lokal yo aplike lalwa nan tout sekirite epi nan fason ki efikas.

"Pandan twò lontan, sistèm jistis penal nou an te retire dwa debaz ansyen prizonye yo—espesyalman moun koulè yo—menm apre yo te peye dèt yo bay sosyete a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Seri lejislasyon sa pran mezi ki pozitif pou asire ke sistèm jistis penal la trete chak moun nan fason ki jis pandan l ap amelyore sekirite katye nou yo. Li enpòtan ke nou fasilite yon eta ki sekirize pandan n ap asire ke ansyen prizonye Nouyòkè yo gen opòtinite pou yon dezyèm chans."

### **Otorize moun ki te kondane pou yon krim anvan yo pou sèvi kòm administratè yon siksesyon (S.294-A/A.2573-A)**

Lejislasyon sa pèmèt yon Nouyòkè ki te kondane pou yon krim epi ki te pije yon santans nan prizon, kapasite pou vin egzekite yon siksesyon familyal. Anvan, lalwa te anpeche nenpòt moun ki te kondane pou yon krim pou sèvi antanke administratè yon siksesyon, menm si yo te nonmen moun sa kòm egzekitè yon siksesyon nan testaman yon paran oswa yon manm fanmi. Lejislasyon an otorize tribinal yo kontinye limite kapasite yon moun pou vin yon administratè nan sèten ka kote kondanasyon anvan an te asosye ak fwod oswa detounman fon, oswa nan ka kote krim nan te negatif pou byennèt eta a.

**Senatè Zellnor Myrie te deklare.** "Fanmi yo chwazi administratè pou egzekite zafè ki pi pèsònèl yo, epi yo ta dwe gen libète pou chwazi administratè oswa fidisyè yo vle a, kèlkeswa istwa kondanasyon kriminèl yo. Lè nou otorize moun - kèlkesyon dosye yo - pou yo ba yo administre desizyon enpòtan fanmi yo, n ap ede entegrasyon yo nan kominote yo. Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lwa sa ak lòt mezi pou ogmante opòtinite sosyal ak ekonomik pou ansyen prizonye Nouyòkè yo ak fanmi yo."

**Manm Asanble Charles D. Fall te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye pwojè lwa mwen an (A.2573-A) an lwa epi paske li rekonèt ke Nouyòkè yo ta dwe kapab chwazi pwòp administratè yo kèlkeswa diskresyon pase yo. Istorik kriminèl pase yo pa ta dwe jwe yon pati nan desizyon fanmi ki andèy pou finalize siksesyon yo."

### **Otorizasyon travay bòn fwa san yo pa vyole liberasyon kondisyonèl (S.2803/A.5707)**

Lejislasyon sa otorize travayè k ap reentegre yo pou fè travay regilye, tankou lè siplemantè oswa orè lannwit, san yo pa vyole liberasyon kondisyonèl. Yo p ap konsidere l kòm yon vyolasyon liberasyon kondisyonèl pou travayè k ap reentegre yo si yo angaje nan travay regilye epi deplase pandan moman kouvrefe yo.

### **Lejislasyon sa otorize moun ki soumèt a liberasyon sipèvize yo pou pwoteste kont kondisyon mendèv ki lye ak travay yo (S.2801-A/A.5705-A)**

Lejislasyon sa otorize moun ki soumèt a plizyè kalite liberasyon sipèvize pou pwoteste kont kondisyon mendèv ki lye ak travay. Anvan ratifikasyon lejislasyon sa, pa t gen lwa ki te egziste ki pwoteje dwa yon moun ki sou liberasyon sou sipèvizyon pou pwoteste kont kondisyon mendèv ki lye ak travay.

**Senatè Jamaal Bailey te deklare,** "Se yon viktwa enkwayab pou travayè ki afekte pa lajistis yo ak Nouyòkè k ap travay tout kote, epi sa pa t ap posib san sipò enkonidyonèl patnè nou yo nan travay la ki goumen san pran souf pou adopsyon pwojè sa yo. Lejislasyon sa ki se premye nan peyi a ap retire baryè ki enpòtan pou reantre epi raparnn dwa pou pwoteste, k ap asire ke travayè ki te ansyen prizonye yo ka patisipe libreman nan pwotestasyon travay epi travay regilye san yo pa pè pou yo

pa vyole liberasyon kondisyonèl la. Ak ratifikasyon pwojè lwa sa yo, New York ap trase chemen an pou nasyon an pou travayè ki afekte pa lajistis yo epi mete yon fen nan sik residivis ak eksplozasyon mendèv la. Lejislasyon sa ap pèmèt moun yo retounen nan kominote yo pou reentegre mendèv la, simonte prejije prizon an, epi fè tande vwa yo nan konba a pou règleman travay ki jis, ak travay ki sekirize epi bon kalite. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble a Carl Heastie, Manm Asanble Latoya Joyner, paske yo pote lejislasyon sa nan Asanble a, kòlèg mwen yo nan toulede chanm yo, ak patnè nou yo nan travay la pou defans kontini yo nan non pèp k ap travay la."

**Manm Asanble Latoya Joyner te deklare,** "Li bon pou nou akeye sila yo k ap reantre nan kominote nou yo ki soti nan prizon, lè nou diminye baryè pou travay yo," Manm Asanble Latoya Joyner, te deklare. "Sa pral ranfòse investisman New York pou rebati lavi epi ranfòse egalite nan tout eta nou an. Nan travay ak patnè yo nan kominote travay ak jistis sosyal yo, lejislasyon sa te devlope pou reouvri pòt opòtinite pou sila yo k ap chèche aktivman pou chanje lavi yo lè nou retire baryè ki te genyen yon enpak devastan sou travayè ki afekte pa lajistis yo. Mwen vle remèsye patnè yo ki te devann lejislasyon sa nan fason ki efikas, ak patnè mwen yo nan gouvènman an, Prezidan Heastie ak Senatè Bailey paske yo te defann inisyativ sa. Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou ratifye lejislasyon sa an lwa - ansanm n ap fè yon diferans nan lavi san konte."

#### **Bay sètifika nan moman liberasyon antisipe (S.2630/A.5549)?**

Lejislasyon sa senplifye pwosesis pou jwenn sètifika, ke Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) Eta New York bay yo, ki ka ede ansyen prizonye yo demontre ke yo pa t komèt krim depi yo te soti nan prizon an. Sipèvizyon an ka bay sètifika yo kounye a, nan moman liberasyon an pou bon konpòtman. Yo ka montre sètifika yo bay patwon, pwopriyetè ak lòt, epi yo ka montre konsèy eleksyon lokal yo kòm prèv ke dwa pou vote a te restore. Anvan, yo te oblije moun ki te nan prizon yo tann senk an apre yo libere pou aplike pou sètifika yo. Yo te soumèt yo souvan tou a ankèt, paske yo te konplete sipèvizyon an epi yo pa t repòte regilyèman bay ofisye liberasyon kondisyonèl yo.

**Senatè James Sanders Jr. te deklare,** "Lè li vin lwa, Nouyòkè ki te pije tan yo, gen yon meyè chaj pou resevwa Sètifika Dechaj yo pou Bòn Konduit ak Soulajman pou Envalidite pi bonè pou ede yo vin sitwayen ki pwodiktif epi kontribye nan sosyete a lè nou minimize papras epi ekonomize lajan kontribyab yo."

**Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Greater New York, Gary LaBarbera te deklare,** "Nouyòkè yo merite opòtinite pou travay epi pouvwa pou fanmi yo libere de menas move kondisyon travay ak vyolasyon libète kondisyonèl, epi pwochè lwa sa yo rann sistèm jistis penal nou an pi jis pou ansyen prizonye yo. Travay regilye pandan lè siplemantè oswa orè lannwit ka yon sous revni enpòtan pou fanmi k ap travay pou degaje yo, epi ansyen prizonye Nouyòkè yo pa yon eksepsyon a règleman sa ke tout moun ta dwe gen kondisyon travay ki apwopriye. Mwen fyè pou sipòte pwojè lwa sa yo epi mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li ratifye yo an lwa".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)